## Rudo rwaMwari

Asi vose vakamugamuchira wakavapa simba kuti vave vana vaMwari; ivo vanotenda kuzita rake, avo vasina kuberekwa neropa kana nekuda kwenyama kana nokuda kwemurume, asi naMwari. Shoko rakazova nyama rikagara pakati pedu (tikaona kubwinya kwake, kubwinya sekwewakaberekwa mumwe chete wababa) azere nenyasha nezvokwadi.

Rudo rwaMwari rwakaratidzwa kwatiri nechinhu ichi, kuti Mwari wakatuma mwanakomana wake, wakaberekwa ari mumwe chete, munyika, kuti tive neupenyu naye. Rudo ruri pachinhu ichi kuti hatizi isu takada Mwari, asi kuti ndiye wakatida, akatuma mwanakomana wake kuti ave rudzikunuro rwezvivi zvedu.

Kana munhu asingaberekwi kutsva,haangavoni vushe bwaMwari.

Wakaropafadzwa uyo uchadya zvokudya pavushe bwaMwari!

Johani 1.12-14; I Johani 4.9-10; Johani 3.3;
Ruka 14.15.

Free Presbyterian Church of Scotland, Zimbabwe Presbytery
9 Robertson Street, Parkview, Bulawayo, Zimbabwe
tel. 09 62636 / 61902 / 62115, email fpchurch@mweb.co.zw,
fax 09 61902

# Chingwa Choupenyu

Ravirai henyu muvone kuti Jesu wakanaka.
Wakakomborerwa munhu unovimba naye.
Mapisarema 34.8

# Zvakanyorwa

Zvichinzi

Munhu haangararami nechingwa bedzi asi nemashoko anobuda mumuromo waMwari.

Nhai imi mose munenyota, uyai kumvura zhinji, musina mari, uyai mutenge mudye; zvirokwazvo uyai mutenge waini nomukaka musinemari, pasinomutengo.

Munoparadzireiko mari muchitega zvisati zviri zvokudya nezvamakabatira muchitenga zvisingagutsi? Nditeererei zvakanaka, mudye zvakanaka mweya yenyu ifare nezvakakora.

Tsvakai Jehovha achawanikwa, danai kwaari achiri pedo. Wakaipa ngaasiye nzira yake, nomunhu usakarurama, mirangariro yake, ngaadzokerere kuna Jehovha, iye uchamunzwira tsitsi nokuna Mwari wedu nokuti uchakanganwira zvikuru.

Mateu 4.4; Isaya 55.1,2,6,7.

# Chingwa Choupenyu

Zvino Jesu akati kwavari, Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri: Wakanga asi iye Mozisi wakakupai chingwa chakabva kudenga, asi ndibaba vangu vanokupai chingwa chezvokwadi, chinobva kudenga. Nokuti chingwa chaMwari ndicho chinoburuka kudenga, chinopa nyika upenyu. Vakati kwaari; "Ishe tipei chingwa ichi misi yose". Jesu akati kwavari: "Ndini chingwa cheupenyu, anouya kwandiri haangatongovi nenzara nounotenda kwandiri haangatongovi nenyota. Asi ndakakuudzai, kuti makandiona asi hamutendi. Zvose baba zvavanondipa zvichauya kwandiri, nounouya kwandiri handingatongomurashiri kunze."

Zvirokwazvo zvirokwazvo ndinoti kwamuri: Unotenda unovupenyu vusingaperi. Ndini chingwa choupenyu.

Johane 6.32-37,47,48.